

Sèvis Ratrapaj pou Edikasyon espesyal

Chè paran ak responsab,

Pandan ane lekòl la ap kòmanse a, nou konnen anpil nan nou gen enkyetid pou retounen nan aprantisaj aplentan anpèsòn lan. Nou fè efò pou kenbe elèv yo angaje pandan y ap pwogrese, men nou konnen tout elèv fè fas avèk kèk pwoblèm aprantisaj pandan pandemi an. Nou ekri pou pataje plan nou pou satisfè bezwen elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) yo.

Kòmanse otòn sa a, chak lekòl DOE pral ofri yon pwogram lè Samdi oswa aprelekòl (oswa yon konbinezon toude) pou bay sèvis ratrapaj pou edikasyon espesyal. Sèvis ratrapaj pou edikasyon espesyal se enstriksyon espesyalize ak sèvis ki ede avèk bezwen espesyal, ki vize bezwen endividyèl chak elèv. Yo pral bay sèvis sa yo bay elèv ki gen IEP anplis sa yo bay nan jou lekòl regilye yo. Yo ofri opòtinite pou pitit ou a resevwa sèvis anplis pi vit posib, san ou pa bezwen fè yon demand ni tann yon pwosesis administratif.

Pandan n ap akeyi elèv yo yon lòt fwa, lekòl yo pral kontwole pwogrè pitit ou a nan direksyon objektif IEP yo. Nou konsidere tou kòmantè w sou pwogrè ak bezwen pitit ou nan nenpòt moman nan ane lekòl la. Rive mitan mwa novanm lan, pwofesè pitit ou a oswa founisè Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal yo ap kontakte w, epi dapre kòmantè ak preferans ou pou yon orè, li pral devlope yon plan pou sèvis ratrapaj pou edikasyon espesyal pitit ou.

Pou pifò elèv, sèvis ratrapaj edikasyon espesyal la ap kòmanse nan mwa novanm oswa desanm. Lè w aksepte sèvis sa yo, sa pa vle di ou renonse okenn dwa pitit ou ka genyen pou sèvis anplis, ladan sèvis konpansatwa. Nap kontakte ou pita nan ane lekòl la pou pale sou si pitit ou a pral bezwen plis sèvis, pandan n ap pran ankont pwogrè pitit ou a ak sèvis yo te ba li depi mwa mas 2020 rive nan moman an.

Nou angaje pou tabli yon patnèchip avèk ou pou sipòte pitit ou a pou aprann ak grandi pi byen ane lekòl sa a. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ratrapaj pou edikasyon espesyal, tanpri patisipe avèk nou jou 5 oktòb 2021 an, a 7:30 PM, nan yon [sesyon enfòmasyon vityèl andirèk pou fanmi](#), oswa ale nan [sitwèb](#) nou an. Ou ka kontakte lekòl pitit ou a tou, voye yon imèl bay specialeducation@schools.nyc.gov, oswa rele 311.

Avèk anpil chalè,

Christina Foti

Direktris akademik anchèf adjwen

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk